

KI SA M DWE FÈ SI M PRAN MIKWÒB SA A (HPV)?

- **Pa kite laperèz anvayi w!**
- Mikwòb sa a (HPV) kapab pran 10 lane pou l devlope anvan li ba ou kansè nan matris.
- Si rezilta tèst (HPV) ou a pozitif, mis la ap ba ou yon dat pou w ka tounen vin fè yon lòt tèst pou yo wè si ou pa fè lòt enfeksyon.
- Apre sa, ou ap gen pou tounen nan klinik la pou yon doktè ka byen egzaminen ou.



E SI SA TA RIVE M GENYEN MIKWÒB SA A (HPV)?

Sèlman ou menm ki kapab konsyan de eta kò w, okenn lòt moun pap fè sa pou ou.



**Bati yon fanmi ki an sante,
yon kominote an sante pou
yon demen miyò.**

2

KI JAN DOKTÈ A PRAL FÈ EGZAMEN SA A?

- Doktè a pral antre yon ti tib an metal nan koko/bòbòt ou pou li kapab byen gade kòl matris ou – Nan langaj medikal nou rele sa doktè a sot fè la a yon **kolposkopi**.
- Si doktè a ta wè gen ti moso chè/vyann ki enfekte, l ap koupe yon ti moso chè/vyann nan kòl matris ou. W ap santi yon ti doulè tankou lè yon ti zepeng pike w. Nan langaj medikal, yo rele sa doktè a sot fè la a yon **biyopsi**.
- Doktè a pral voye ti moso chè/vyann sa a nan peyi Etazini pou yo kapab analize li. Rezilta a pare 3 mwa.
- Tounen nan klinik la sou 8 senmen pou doktè a ba ou rezilta a.
- Si okenn nan ti moso chè/vyann yo pa enfekte, ou dwe tounen kot doktè a **nan 1 ane** pou fè yon tcheke ankò paske toujou gen posiblite pou mikwòb HPV a ba ou enfèksyon.

3

KI JAN OU KAPAB TRETE ENFESKYON SA A (HPV)?

- Si ou gen yon enfèksyon (HPV), ak anestezi doktè a kapab mouri tout pati vyann/chè li bezwen an pou li trete ou. Nan langaj medikal yo rele sa yo “**kriyoterapi**,” kon sa tou, doktè a kapab koupe tout pati vyann/chè sa a nèt. Nan langaj medikal nou rele sa “**isterektomi**.”
- Pandan **kriyoterapi** a, doktè a ap mete yon ti tib an metal nan koko/bòbòt ou pou li kapab byen gade kòl matris ou ak tout pati vyann/chè a pandan 4 minit.
- Doulè ou santi nan tretman sa a (**kriyoterapi**) se menm kalite doulè ou santi lè ou gen kranp anvan ou gen règ/peryòd ou.
- Pran de ibipwofèn 2 èdtan anavan tretman an pou kapab diminye doulè a.

4

KI SA M DWE FÈ APRE YON KRIYOTERAPI OSWA YON BIYOPSI?

- 6 è apre yon Kriyoterapi oswa yon Biyopsi, ou kapab pran 2 grenn ibipwofèn.
- Ou kapab wè ti dlo koulè mawon oswa jonn ap soti nan koko/bòbòt ou pannan de twa senmenn.
- Pa fè bagay/dezòd pandan twa senmenn apre tretman an pou pa fè enfèksyon.
- Si ou pa ka tann twa senmenn, ou dwe itilize **KAPÒT**.
- **AL WÈ** klinik ou si ou gen lafyèv, gwo doulè, si w ap bay anpil san, epi si ti dlo jonn ki soti nan koko/bòbòt ou gen move sant.
- Menm apre ou fin fè yon **Kriyoterapi**, ou kapab toujou gen kansè nan matris. Se pou sa, ou dwe al kote yon doktè sou **1 ane** pou li fè yon tès pou ou.